



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE KÒMANSMAN SEZON VWAYAJ IVÈ A AK NOUVO AKTIVITE KI ENTÈRESAN POU TOUT MOUN

Festival ivè yo, rèstoran konfòtab yo, amelyorasyon nan mòn pou eski ak nouvo lojman ofri anpil opòtinite pou plezi sezon yo atravè Eta New York

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te pwolonje yon envitasyon pou Nouyòkè yo ansanm ak vizitè yo pou yo eksplòre tout nouvo eksperyans ki disponib nan Eta New York pandan ivè sa a. Ekspozisyon limyè ki gen koulè espektakilè ak chato glas mayifik envite ak angaje vwayajè yo nan òf sezon yo inik yo. Gen mòn eski ki ofri tout nivo ski, planch a nèj ak motonèj ak rakèt pou satisfè tout avantiryè anplèn, pandan ke mize yo, evènman atistik ak kiltirèl yo, ak sit mizik vibran yo ofri opsyon alanteryè ki pi cho.

"Se pi bon moman nan ane a pou vizite Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan bèl peyizaj ki kouvri ak nèj rive nan manje ak bwason klas mondyal, Eta New York gen yon bagay pou tout moun pandan ivè sa a. Nou pare pou nou akeyi touris ankò ki soti toupatou nan peyi a ak atravè lemond lan pou fè eksperimante plezi ak fè nouvo souvni."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Eta New York se kote ki genyen plis zòn eski pase nenpòt eta nan nasyon an, plis pase 10,000 mil santye motonèj, santye pou itilizasyon miltip ki pi long nan peyi a ak plizyè milye mize, enstitisyon kiltirèl, avni pèfòmans ak evènman espesyal tankou kanaval sezon fredè. Tan frèt la fè New York tounen yon paradi ivènal, sa ki fè li yon destinasyon pafè pou yon eskapad rapid oswa yon ti repo pwolonje apre ibènasyon."

Men yon echantyon yon nouvo eksperyans nan Eta New York pabdan iv sa a:

Ale sou Pis Eski yo!

Fè valiz ou epi pran eski ou oswa planch ou pou yon eskapad etonan nan youn nan [plis pase 50 zòn ski yo](#) nan eta a. Sonje: elèv twazyèm ak katyèm ane yo [monte eski gratis](#) nan anpil nan mòn sa yo, epi asire w ke ou tcheke dènye [Rapò Nèj](#) Asosyasyon Eski New York (Ski Association of New York) la pou kondisyon ki pi ajou yo.

- [Windham Mountain](#) te envesti plis pase 4 milyon dola nan amelyorasyon kapital, ki gen ladan amelyorasyon pou fabrike nèj, yon damez ki an akò ak

anviwònman an, redevlopman Sant Aprantisaj pou Timoun (Children's Learning Center) lan ak yon nouvo tapi woulan "Magic Carpet".

- [Holiday Valley](#) nan Ellicottville te enstale Yodeler Express la, ki se yon telesyèj kwadwilateral detachab a gwo vitès ki ede debitan yo, sa ki pèmèt ogmantasyon efikasite - transpòte 2,400 moun pa èdtan nan somè 2,000 pye a.
- [Catamount Mountain Resort](#) nan Hillsdale te fè gwo amelyorasyon nan sistèm fabrikasyon nèj yo, li te enstale de nouvo telesyèj epi li te ajoute nouvo opsyon manje ak bwason nan zòn debaz la.
- [Whiteface](#) nan Wilmington gen yon nouvo SkyTrac kwadwilateral, ki kontinye nan faz II nan pwojè amelyorasyon twa faz yo a pou fabrikasyon nèj (ki gen ladan prèske 30,000 pye tiyo ranplasman pou fabrikasyon nèj) epi li te fini renovasyon Cloudsplitter Gondola yo a.
- [Bristol Mountain](#) nan Canandaigua te ajoute yon nouvo santye ki rele Polaris nan Galaxy Lift Pod yo a, sa ki amelyore kapasite pa yo pou fabrike nèj epi yo te enstale Axess Smart Gates sou tout syèj yo pou eskiyè yo ak pasaje yo ka jwenn aksè ak mòn lan avèk Bristol Gateway Cards yo a.
- [Oak Mountain](#) nan Speculator te double kapasite yo pou fabrike nèj, yo te ranplase Bunny Hill T-Bar pa yo pa yon asansè sifas Sunkid, epi li te ajoute nouvo eski ak planch nan "flòt Rossignol Rental" yo a.

Selebre Ivè ak Istwa

Festival ivè yo se kèk nan evènman anyèl ki pi popilè atravè Eta New York. Ane sa a, pa gen pi bon kote pou selebre sezon an ak komemorasyon ak evènman yo.

- Selebre 200èm anivèsè Harriet Tubman lè w vizite kay li nan Auburn, ansanm ak kominote ki antoure yo nan Konte Cayuga. Aktivite espesyal pandan Semèn Harriet Tubman lan, ki pwograme pou 10-15 mas 2022, pral fèt nan plizyè sit, tankou lakay li nan [Pak Istorik Nasyonnal Harriet Tubman](#) (Harriet Tubman National Historical Park), [Mize Seward House](#) (Seward House Museum), ak [Simetyè Fort Hill](#) (Fort Hill Cemetery) kote yo antere li. Gen plis komemorasyon ke yo pral anonse.
- Nan Seneca Falls, patisipe nan [75èm Selebrasyon Anivèsè "It's a Wonderful Life" \(Se yon Lavi ki Mèveye\)](#) la soti 8 pou rive 12 desanm kote anpil nan manm ekip yo pral reyini, tankou timoun Bailey yo ak zanmi yo.
- [Ice Castles](#) vini nan Eta New York la pou premye fwa, ak ekspozisyon glas ak ekleraj LED ak koulè nan Festival Commons nan Charles Wood Park nan Lake George. Nouvo evènman ivè sa a sipoze ouvri depi kòmansman mwa janvyè rive nan kòmansman mwa mas, selon tan an.
 - Epiou nan Lake George, [Lake George Winterfest](#) (Festival Ivè Lake George) ap fèt nan mitan mwa desanm rive nan mwa mas, epi [Lake George Winter Carnival](#) (Kanaval Ivè Lake George) ap fèt chak samdi ak dimanch nan mwa fevriye.
- [LuminoCity](#) Festival ap vini nan Long Island pou premye fwa ivè sa a. Ekspozisyon limyè imèsif lan pral nan Whitney Pond Park nan Manhasset jiska 9 janvyè.

- Epi tou nan Long Island, [Shimmering Solstice](#) la pral fèt nan Old Westbury Gardens jiska 9 janvyè, sa ki li pral transfòmè teren yo an bèl ekspozisyon ekleraj ak mizik. Nouvo evènman sezonye sa a ideyal pou tout fanmi an.
 - [Mache Konje](#), yon nouvo seri evènman kominotè anplèn, pral fèt sou teren Galeri North la ak nan Three Village Historical Society (Sosyete Istorik Three Village) nan Setauket nan samdi soti 27 novanm rive 18 desanm.
- Zo New York, ki se "sèl zou ki dedye ak animal nan Eta New York", ap òganize [Winter Wonderlights](#) nan sware nan wikenn yo soti 26 novanm rive 2 janvyè. Eksplore zou a nan lannwit pou wè li ilimine ak limyè ki gen plizyè koulè.
- Dekouvri plis limyè menm, animasyon jou ferye ak nouvo ekspozisyon nan [Westchester's Winter Wonderland](#) Drive-Thru Holiday Light Extravaganza nan Kensico Dam Plaza, 26 novanm - 2 janvyè.

Lokal Restoran Konfòtab ak Lokal Bwason Atizanal yo

Jwi manje konfò, degiste bouche klasik New York epi bwè bwason atizanal ki pwodui lokalman pandan ivè sa a.

- [Southern Tier Brewing Company](#) te ouvri yon nouvo lokal nan Harborcenter nan Buffalo, ki ofri yon sal degistasyon konplè ak yon meni manje ki "ki jwenn enspirasyon nan byè".
- [Brick & Ivy](#) se yon restoran BIPOC genyen ki fèk ouvè nan Rochester ki gen yon melanj pla inik, tankou chouflè fri, somon griye, ak kuis kana prezève.
- Anbrase tanperati frèt yo nan youn nan ba glasyal Lake George yo, ki gen ladan [Glacier Ice Bar](#) popilè The Sagamore a, [Adirondack Pub & Brewery's Funky Ice Fest](#) ak Winterfest nan [Erlowest](#).
- [Willa's Bakery](#) ki apèn ouvri nan Catskill ofri yon gran varyete pwodui boulanjri ki fabrike ak men, ansanm ak pla dejene ak dine sezonye ki fèt ak engredyan lokal.
- [DisBatch Brewing Company](#), ki ta dwe ouvri desanm sa a nan Masedon, se premye brasri Konte Wayne. Se premye sekouris ki te vle bay kominote a yon kote pou rasanble epi detann yo ki te kòmanse li.
- Nan Albany, [Skinny Pancake](#), pwograme pou ouvri byento, li gen plan pou prezante divès pla krèp ki itilize engredyan lokal.
- Dènyèmman ouvri, [Nova Kitchen & Bar](#) nan Blauvelt, Konte Rockland, sèvi ak engredyan sezonye ki pwodui lokalman pou kreye pla di chak jou inovan yo se lide yon koup ki te pase tout etap yo nan endistri a soti nan sèvez ak lesivye vesè rive nan manadjè ak chèf kuizin.

Nouvo Lojman

Aprè yon jounen konplè nan eksplorasyon, pran repo pou avanti demen yo nan youn nan pwopriyete lojman ki pi nouvo oswa ki fèk renove nan Eta New York yo.

- Etabli pou ouvri an 2022, [Grand Adirondack Hotel](#) nan Lake Placid pral ofri yon sejou Adirondack klasik ak yon sans liks, ak eksperyans gastronomik diferan nan restoran sou plas yo.

- Sitiye nan kè anba lavil Saratoga Springs, [Spa City Motor Lodge](#) fèk fini gwo renovasyon ak yon chanjman imaj, ajoute yon dekorasyon ki pi modèn ak yon ekla atistik.
- Apèn ouvri, [Piaule Catskill](#) gen kabin ki etabli nan yon forè, ideyal pou eskapad final la, plis santye randone ak yon restoran ak ba sou plas.
- Odela ivè a, Auberge Resorts Collection gen ta dwe ouvri [Wildflower Farms](#) nan fen ane 2022 nan mitan 56 kawo tè ki gen trankilite nan Hudson Valley.

Atraksyon Entèresan tou Nèf epi ki Fèk Ouvri yo

Ak atraksyon anndan kou deyò, vizitè tout laj ka patisipe nan eksitasyon sezonye a.

- [Mohawk Harbour](#) Schenectady a ap òganize yon nouvo eksperyans ivè ki gen yon pist pou moun fè paten sou glas ki mezire 60x100 pye, Holiday Pop-Up Shop pa Beekman 1802, ak opsyon manje ki soti nan Druthers Brewing Company, Shaker & Vine ak restoran yo nan Rivers Casino & Resort.
- Rochester's Memorial Art Gallery pral prezante [Enpresyon Renesans: Sixteenth-Century Master Prints ki soti nan Koleksyon Kirk Edward Long](#) ap fè ekspozisyon jiska 6 fevriye. Ekspozisyon an gen ladan 82 chedè pa divès atis, ki mete aksan sou kilti vizyèl Renesans lan.
- [Lark Hall](#) nan Albany te fèk restore ak re-itilize kòm yon lokal pou konsè, ki akeyi yon melanj gwoup ak pèfòmè divèsye.
- [Sistèm Santye Tèrès Earl Cardot Eastside](#) (Earl Cardot Eastside Overland Trail system) nan Gerry, Konte Chautauqua, te elaji an 2021 epi li gen plis pase senk km santye eski randone ki byen prepare.
- Nan Pak Eta Niagara Falls, admire esplandè Falls jele yo nan tout ang yo. Pou yon pèspektiv inik, [Cave of the Winds](#) mennen vizitè yo nan yon asansè pou antre nan Niagara Gorge pou yo ka wè Falls de prè epi yon fason pèsònèl nan youn nan de teras obsèvasyon ouvè yo.

Nan Orizon an

Make kalandriye w pou evènman enteresan sa a k ap vini an.

- [Jwèt Inivèsite Mondyal FISU](#) (FISU World University Games) yo pral fèt nan Lake Placid ak kominote ki antoure yo soti 12-22 janvyè 2023, ki gen konpetisyon pami atlèt kolejyal entènasyonal eksepsyonèl yo. Se dezyèm pi gwo evènman ivè milti-espòtif nan mond lan. Pou moun ki enspire pa Je Olenpik Ivè k ap vini yo, yo ka ale nan Lake Placid pou yo fè eksperyans istwa Olympic nan Mizè Olenpik la, [Cliffside Coaster](#) ki apèn ouvri a oswa monte nan sèl [bòbslèd Olenpik](#) la nan lès Rockies.

I LOVE NY ankouraje vwayajè yo pou yo swiv tout direktiv sante ak sekirite piblik ki gen rapò ak COVID yo. Vizitè yo ta dwe rele davans epi tcheke sit entènèt ak rezo sosyal yo pou asire atraksyon yo ouvri epi disponib. Plis enfòmasyon sou vwayaj Eta New York ak COVID-19 la disponib [isit la](#).

Pou plis enfòmasyon sou nouvo devlopman yo lòt bagay k ap pase nan Eta New York, vizite [iloveny.com](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418